



Kijan pou vin yon Travayè Elektoral

Konte New Jersey yo, an patenarya avèk Divizyon New Jersey pou Eleksyon an, ap chèche aktivman rezidan pou sèvi kòm travayè elektoral pou Eleksyon Jeneral k ap fèt Madi 3 novanm 2026 la, Men repons pou twa prensipal kesyon sou fason pou vin yon travayè elektoral:

1... POUKISA POU MWEN APLIKE?

Kominote ou bezwen ou! Lè ou travay nan yon biwo vòt, ou pral:

- Touche \$300 nan Jou Eleksyon Jeneral lan.
- Obsève gran demokrasi nou an ann aksyon, dirèkteman, epi resanti santiman ki vini lè ou kontribye nan kominote lokal ou, eta ou epi peyi ou.

2... KIYÈS KI KAPAB APLIKE?

Ou kapab aplike pou sèvi kòm travayè elektoral nan New Jersey si ou:


- Ou se yon sitwayen Etazini epi yon rezidan nan New Jersey.
- Ou se yon elektè ki enskri nan konte kote ou viv lan.
- Ou genyen laj minimòm 16 lane. Nou ankouraje elèv kolèj epi high school aplike. Nòt: Moun ki genyen mwens pase laj 18 lane yo pral travay yon kantite èdtan limite pou chak ka travay epi yo pa oblije enskri pou vote. Kontakte Komisyon Elektoral Konte an pou plis enfòmasyon.
- Ou pap prezante kòm kandid nan eleksyon sa a.

3... KISA POU MWEN KONNEN ANKÒ?

Pou kapab vin yon travayè elektoral, se pou ou disponib pou travay ant 6:00 a.m. jiska 8:00 p.m. nan yon biwo vòt anndan konte ou nan Jou Eleksyon Jeneral, Madi 3 novanm 2026. Èdtan yo kapab diferan.

Aplike jodi menm nan sit [PollWorker.NJ.Gov](https://www.pollworker.nj.gov)!

Pou jwenn plis enfòmasyon, swiv Seri Videyo sou Edikasyon Elektè nan adrès [Vote.NJ.gov](https://www.vote.nj.gov) oubyen skane isit.



Gouvènè Mikie Sherrill
Lyetnan Gouvènè epi
Sekretè Deta Dr. Dale G. Caldwell



1-877-NJ-VOTER (1-877-658-6837)
[Vote.NJ.Gov](https://www.vote.nj.gov)